

# Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye

## Enfòmasyon pou Lokatè yo – Lis Dokiman

Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) Eta New York la ap ede fanmi ki kalifye yo ki an reta nan lwaye yo ki gen difikilte finansye poutèt COVID-19 e ki riske vin san kay oswa pa gen lojman estab.

### Lè y ap fè demann nan, lokatè yo ap gen pou bay:

- **Idantifikasyon pèsonèl** pou tout manm nan fanmi an. Men fòm idantifikasyon ki akseptab: Pyès idantite ki gen foto, lisans chofè oswa pyès idantite ki pa lisans chofè gouvènman an bay, paspò, kat EBT/avantaj sosyal, batistè oswa sètifika batèm, enskripsyon nan lekòl.
- **Nimewo Sekirite Sosyal** tout manm nan fanmi an ki gen youn. Yon moun pa bezwen gen estati imigrasyon legal pou kalifye pou pwogram nan.
- **Prèw montan lwaye a**, kontra lokasyon siyen an, menm si li ekspire. Si pa gen kontra lokasyon disponib alòs prèw la ka resi lwaye, chèk anile oswa manda. Si pa gen dokiman disponib, y ap aksepte atestasyon mèt kay la.
- **Prèw rezidans ak okipasyon** – Kontra lokasyon siyen, resi lwaye, bòdwo sèvis piblik, dosye lekòl, relve bankè, lèt pa lapòs ki gen non kandida a, bòdwo asirans, oswa lisans chofè. Prèw la pa dwe ekspire.
- **Prèw Revni pou dokimante kalifikasyon poutèt revni:**
  - **Dokiman ki montre revni pa mwa a** pou mwa anvan an, tankou souch chèk peman, verifikasyon depo sou kont labank, lèt endanmnite chomaj, oswa lòt prèw;

### OSWA

- **Dokiman ki montre revni pou ane 2020 an**, tankou fòmilè taks W-2 yon patwon bay, yon deklarasyon revni pou ane a, oswa yon kopi deklarasyon taks ranpli, tankou 1040, 1040EZ, fòmilè taks 1099, oswa lòt prèw revni pou ane 2020 an.
- Yo aksepte atestasyon pèsonèl pou revni nan sèten sikonstans kote pa gen dokimantasyon disponib tankou sèten ka kote moun nan ap travay pou tèt li.
- **Kopi bòdwo sèvis piblik gaz oswa kouran elektrik**, si gen demann pou èd pou peye aryere sèvis piblik nan menm inite lokasyon an.

Y ap mande kandida yo ateste ke nan dat oswa apre dat 13 mas 2020, yon manm nan fanmi an te resevwa endanmnite chomaj **oswa** te gen rediksyon nan revni fanmi an, te oblije fè gwo depans oswa te gen difikilte finansye, dirèkteman oswa endirèkteman, poutèt pandemi COVID-19 la. Kandida a ap bezwen siyen fòmilè demann nan ak sètifikasyon ki asosye avèk li yo ki di li dakò enfòmasyon li bay nan demann nan kòrèk.